



POU FÈ
BAGAY
**SAN KÈ
SOTE**
EPI PWOTEJE
TÈT OU
KONT VIH

EFIKAS & DISKRÈ



Si ou pa gen VIH, depi 10 zan, nan peyi Lafrans gen yon tretman prevantif ki gratis pou evite trape li. Yo rele li Prep.

Se yon grenn pou vale chak jou, tout tan oswa sèlman pandan kèk peryòd, selon aktivite seksyèl ou.

Li vini swa nan plakèt swa nan yon ti boutèy.

SENP
& GRATIS



Chak moun, depi laj 15 an, gen dwa pran Prep.

Se doktè yo ki ka preskri w Prep epi akonpaye w nan tretman prevantif sa a. Avèk preskripsyon an, ou ka ale nan nenpòt famasi pou jwenn Prep.

Medikaman sa a gratis nèt ale.

E LÒT ENFEKSYON YO ?

Pran Prep mande pou w fè swivi medikal regilye. Sa pèmèt doktè detekte epi trete rapid lòt enfeksyon seksyèlman transmisib (MST/IST).

Menm si patnè w ap pran Prep, pi bon mwayen pou pwoteje tèt ou, se pou w pran Prep pou tèt ou tou.



LI POU TOUT MOUN



Moun ki gen dwa ak Èd Medikal Leta (AME - aide médicale de l'État) oswa ak Komplementè Lasante Solidè (CSS - complémentaire santé solidaire) ka jwenn Prep la tou.

Moun etranje ki pa gen dwa ak èd sa yo nan peyi Lafrans ka mande Prep nan tout sant gratis ki la pou bay enfòmasyon, depistaj ak dyagnostik (Cegidd - centres gratuits d'information, de dépistage et de diagnostic). Yo ka jwenn èd nan men AIDES oswa lòt asosyasyon tou.

SI W GEN KESYON ?

**SI W GEN DIFIKILTE
POU JWENN PREP ?**

www.aides.org/prep



Réalisé avec le soutien financier de Santé publique France